



DINAS PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
KABUPATEN BOYOLALI
ASESMEN SUMATIF AKHIR TAHUN
SMP KABUPATEN BOYOLALI
TAHUN AJARAN 2024/2025

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa
Kelas : VIII (Delapan)

Hari, Tanggal : Rabu, 28 Mei 2025
W a k t u : 10.00 – 11.30 (90 menit)

PETUNJUK UMUM :

1. Jawaban dikerjakan pada lembar jawaban yang tersedia.
2. Sebelum mengerjakan soal, tuliskan terlebih dahulu pada lembar jawab : Nama dan Nomor pada tempat yang disediakan.
3. Bacalah dengan teliti, petunjuk dan cara mengerjakan soal.
4. Perhatikan dan bacalah soal baik-baik sebelum Anda menjawab.
5. Pilihlah jawaban yang paling tepat/betul dan berilah tanda silang (X) pada salah satu huruf A, B, C, atau D.
Contoh jawaban : Jika jawaban yang dianggap betul A : ~~X~~ B C D
6. Jika terjadi kesalahan dalam memilih jawaban, berilah tanda = pada jawaban yang salah itu, kemudian silanglah (X) jawaban yang Anda anggap betul.
Contoh : ~~X~~ B C D jawaban diubah menjadi C : ~~X~~ B ~~X~~ D
7. Memberi tanda X pada dua jawaban atau lebih untuk satu soal dianggap salah.

PETUNJUK KHUSUS :

1. Wangsulana pitakon-pitakon iki kanthi menehi tandha plng (X) ing aksara A, B, C, utawa D ing sangarepe wangsulane sing koanggep paling bener !

Wacan kanggo nggarap soal nomer 1 - 6 :

Dumadine Bledug Kuwu

Watara abad VII Masehi, wewengkon Grobogan kalebu ing kraton Medhang Kamulan. Raja kang nata yaiku Dinasti Sanjaya/Syailendra. Salah siji raja saka dinasti kasebut yaiku Dewata Cengkar. Miturut crita, dheweke seneng dhahar daging manungsa. Jalaran saka iku, masarakat padha wedi. Masarakat ora kepengin dadi kurbane raja kang durjana lan dur angkara kasebut. Kabeh padha mbudidaya golek cara kanggo nglawan raja, nanging asile ora ana.

Ajisaka sanggup ngadhepi rajane, Ajisaka banjur nguculi ikete lan banjur nggelar ikete ing lemah. Ajaib, lket kasebut banjur dadi amba banget. Dewata cengkar nggeser anggane ngadeg. Dheweke nganti njegur ing segara kidul. Dewata Cengkar ora mati. Awake banjur memba dadi bajul putih. Rakyat padha bungah atine Ajisaka banjur dadi nata raja ing Medhang Kamulan.

Nalika Ajisaka dadi raja, ana naga kang ngaku jenenge Jaka Linglung. Ngakune Naga kasebut dheweke anake Ajisaka lan nggoleki keng rama. Ajisaka bakal ngakoni naga minangka putrane yen naga iku kasil mateni baya putih panjelmane Dewata Cengkar ing segara kidul.

Jaka Linglung banjur budhal menyang segara kidul. Jaka Linglung ora oleh mlaku ing dalan supaya ora ngganggu rakyat. Pungkasane Jaka Linglung isoh ngalahake Bajul Putih. Sabanjure dheweke bali menyang Medhang Kamulan Pirang pirang dina Jaka Linglung nyoba metu saka njero lemah. Sepisan dheweke metu ing Desa Ngembak (Purwadadi Kutha), banjur ing Jono, lan banjur Grabagan, Crewek, lan Pungkasane ing Kuwu kalebu tlatah Kradenan. Papan ngasone Jaka Linglung ing Kuwu kasebut dipercaya dadi bukti asal-usule Bledug Kuwu.

.....

1. Apa kang njalari para warga masarakat ora seneng karo Dewata Cengkar?
 - A. Masarakat ora seneng marang raja kang watake utama
 - B. Masarakat ora kepengin dadi kurban raja kang durjana lan dur angkara
 - C. Raja iki senenge tetulung marang wong cilik
 - D. lemah garapane para warga wis dadi cengkar
2. Sing minangka syarat Jaka Linglung diakoni dadi putrane Ajisaka yaiku
 - A. Bisa malih dadi manungsa biasa
 - B. Bisa mlebu bumi tanpa diweruhi warga masarakat
 - C. Bisa ngalahake Ajisaka
 - D. Bisa ngalahake Bajul Putih ing Segara Kidul.
3. Pethikan crita legenda kasebut irah irahane
 - A. Dumadine Bledug Kuwu
 - B. Ajisaka lan Dewata Cengkar
 - C. Asal usule Jaka Linglung
 - D. Kerajaan Medhang Kamulan
4. Sebutna setting kang ana ing crita Dumadine Bledug Kuwu!
 - A. Ing kerajaan Medhang Kamulan
 - B. Ing njero segara
 - C. Ing njero Bumi
 - D. Ing Purwadadi kutha
5. Manut wacan kasebut watake Ajisaka iku
 - A. pilih kasih
 - B. nindakake samubarang kanthi pamrih
 - C. tresna asih, berbudi luhur, wicaksana
 - D. drengki-srei marang sapepadhane
6. "Rakyat padha **bungah** atine Ajisaka banjur dadi nata raja ing Medhang Kamulan. Tembung "**bungah**" tegese padha karo tembung
 - A. susah
 - B. gagah
 - C. rekasa
 - D. seneng

Wacan kanggo nggarap soal nomer 7 - 10 :

Kidang Kencana

...
Sawise Prabu Dasarata lengser keprabon mesthine sing ngganteni dadi raja yaiku Rama Wijaya nanging amarga Prabu Dasarata nate janji yen sing arep didadekake raja Barata mula Rama Wijaya milih ngalah lunga saka keraton lan ngumbara ing ngalas gung liwang liwang dikancani Sinta lan Lesmana.

Dasamuka raja Ngalengka kepincut karo ayune Dewi Sinta banjur nduwe niat nyolong Sinta. Ngepasi Sinta ana ing alas, Dasamuka banjur gawe rekadaya supaya bisa nyolong Sinta. Kala Marica diutus supaya dadi Kidang Kencana kanggo narik kawigatene Sinta. Sawise Sinta kepranan karo Kidang Kencana, Sinta nyuwun dicekelke Kidang Kencana.

....

7. Kala Marica ing crita kasebut keprenah apane Dasamuka?
 - A. Mungsuhe Dasamuka
 - B. Abdine Dasamuka
 - C. Ndarane Dasamuka
 - D. Gurune Dasamuka
8. Rama, Sinta lan Lesmana ninggalake Ayodya saperlu ngumbara ing alas Gung liwang liwang. Lungane paraga kasebut amarga
 - A. ditundung Raden Barata
 - B. supaya Raden Barata bisa dadi Raja ing Ayodya
 - C. nglakoni paukuman
 - D. diutus ibu Kosalya
9. "Kangmas kula nyuwun dipuncepengaken kidang ingkang ulesipun emas kalawau." Ukara iku menawa didadekake basa ngoko lugu dadi kepriye?
 - A. "Kangmas, aku njaluk digolekake kidang sing emas kuwi."
 - B. "Kangmas aku njaluk dicekelna kidang sing ulese emas,"
 - C. "Kangmas aku njaluk ditukokake kancil sing ulese emas iku."
 - D. "Kangmas aku njaluk dicekelake kidang sing ulese emas kae mau."

10. Setting sing ana ing pada/paragraf kaloro crita Kidang Kencana mau yaiku
- | | |
|-------------------------|--------------------------------|
| A. ing Kraton Ayodya | C. ing Alas gung liwang liwang |
| B. ing Alun alun Ayodya | D. ing Kaputren Ayodya |

Wacan iki kanggo nomer 11 - 14 :

....

Anggone ngoyak saya suwe saya adoh, dumadakan Kidang Kencana arep nyilakani Rama Wijaya. Sanalika Rama menthang gandewa, panah mlesat ngenani Kidang Kencana, sanalika malih dadi Kala Marica lan njerit njaluk tulung, anehe swara panjerite mau persis kaya swarane Rama Wijaya.

Nalika keprungu swarane Rama njerit njaluk tulung, Sinta ngutus Lesmana nyusul Rama. Sapungkure Lesmana saka papan kono, ana wong tuwa njaluk ngombe marang Sinta. Sinta banjur nulungi wong tuwa mau, Sinta ora ngerti yen sabenero wong tuwa mau ora liya Dasamuka sing lagi malih rupa. Dumadakan wong tuwa mau nyaut Sinta banjur digawa mabur menyang kerajaan Alengka.

....

11. Alur kang digunakake ing cerita kasebut yaiku
- | | |
|-----------|-------------|
| A. Maju | C. Campuran |
| B. Mundur | D. Mulur |
12. "Nalika keprungu swarane Rama njerit njaluk tulung, Sinta ngutus Lesmana nyusul Rama." Tembung "ngutus" iku duwe teges padha karo apa?
- | | |
|-----------|-----------|
| A. Ngakon | C. Sebel |
| B. Putus | D. Sengit |
13. Ing crita kasebut watake Dasamuka yaiku
- | | |
|---------------|------------------|
| A. Wicaksana | C. Angkara murka |
| B. Welas asih | D. Prasaja |
14. Sing nduwe watak gampang kengguh marang kahanan yaiku ...
- | | |
|----------------|---------------|
| A. Rama Wijaya | C. Lesmana |
| B. Dewi Sinta | D. Kalamarica |

Wacan kanggo nomer 15 - 19 :

Wonosobo Mbangun Lingkungan

Minangka dhaerah hulu ilining kali Serayu, Kabupaten Wonosobo, dadi papan sumber daya banyu kanggo dhaerah sakupenge. Anggone gawe kawicaksanan kudu nggatekake babagan lingkungan kanggo masarakat.

Bab kasebut diandharake Bupati Wonosobo, Afif Nurhidayat nalika ing acara MoU karo PT Indonesia Power UPB Mrica ngenani carane ngawekani lan carane njaga aset ing pendopo lor.

Kanthi kurange sumber resapan banyu kepara saperangan padha garing, njalari sedimentasi nganti 70 persen kaya ta Serayu, Tlaga Menjer, lan Mrica. Saka perkara kasebut aku njaluk supaya sayuk karya anggone menehi kamulyan tumraping masarakat.

Padha karo kang diandharake bupati, pangaras Dinas Lingkungan Hidup Kabupaten Wonosobo, Widi Purwanto mudhune sumber resapan banyu ing dhaerah disebabake anane eksploitasi banyu kang ora winates, kayata budidaya tanduran. Kejaba iku, uga alih fungsi lahan kang ora perlu.

Widi ngajab, pamarentah lan masarakat bisa wiwit mbangun kesadharan saka awake dhewe kanggo tansah njaga lestarene lingkungan.

....

15. Miturut wacan kasebut apa kang njalari sedimentasi ing kali Serayu?
- | | |
|------------------------------------|---------------|
| A. Akeh alas kang padha gundhul | C. lingkungan |
| B. Kurange sumber resapan banyu | D. cuaca |
| C. Kahanan lingkungan kang garing | |
| D. Anane reboisasi ing daerah hulu | |
16. Wonosobo iku papan Sumber daya banyu kanggo daerah sakupenge, mula anggone gawe kawicaksanan kudu nggatekake
- | | |
|-----------------------------|---------------|
| A. anggaran | C. lingkungan |
| B. tata kelola pemerintahan | D. cuaca |

17. Sapa sing ngandharake menawa sedimentasi ing Serayu lan Telaga Menjer nembus 70 persen?
A. Widi Purwanto
B. Muhammad Sunarno
C. Kuncoro
D. Afif Nurhidayat
18. Gatekna pratelan ing ngisor iki!
1. Irah irahan pawarta
2. Isine pawarta
3. Lead pawarta
4. Katrangan panulis
Titikan urutane pawarta manut pratelan kasebut kang bener yaiku
A. 1, 2, 3, 4
B. 4, 2, 3, 1
C. 4, 3, 2, 1
D. 1, 3, 2, 4
19. Ing ngisor iki kang kalebu tuladhane teks pawarta kang bener yaiku
A. Wonosobo iku misuwur jalaran duwe objek wisata pegunungan Dieng
B. Aku lan para kanca tansah ngantu-antu panyaruwe ngenani pambudidaya njaga lestarine alam.
C. Manut Widi Purwanto Serayu lan Telaga Menjer ngalami sedimentasi kang akut
D. Mudhune sumber resapan banyu ing dhaerah disebabake anane eksploitasi banyu kang ora winates.

Tembang iki kanggo nomer 20 - 23 :

*Yen wus tinitah wong agung
Aja sira gumunggung dhiri
Aja raket lan wong ala
Kang ala lakunireku
Nora wurung ngajak-ajak
Satemah anenulari*

20. Manut tembang kasebut apa sebabe awake dhewe ora etuk cedhak karo wong ala?
A. Angel nemokake wong kang tumindak ala
B. Bisa ndadekake ketularan tumindak ora bener
C. Ndadekake wegah srawung marang liyan
D. Seneng tumindak geguyonan
21. "Aja sira gumunggung dhiri."
Tembung "gumunggung" iku tegese padha karo
A. gumreged
B. gemrunggung
C. gumedhe
D. kemrungsung
22. Maknane gatra kapisan lan kapindho tembang ing ndhuwur yaiku
A. Dadia panguwasa sing jujur lan ikhlas
B. Aja nyedhak marang wong tumindake ala supaya ora ketularan
C. Ajak-ajaka marang para kanca supaya tinitah dadi wong agung
D. Menawa dadi panguwasa aja sombong
23. Amanat utawa Pitutur luhur kang bisa dijupuk saka tembang kasebut yaiku....
A. Akeh wong ala sing gumelar ing jagad iki
B. Ngati ati yen ketemu karo wong agung
C. Aja reraketan marang wong gumunggung
D. Dadia panguwasa kang andhap asor lan ora gampang kengguh tumindak ora bener
24. Kang kalebu tuladhane "tembung garba warga ha" dumunung ana ing ngendi?
A. sumusul
B. mahaguru
C. prapteng
D. ratwagung
25. Ukara kang paling trep nggunakake tembung garba sustrawan yaiku
A. Ibu tindak malbeng ing Pasar Klewer Solo
B. Jalwestri sami rebut ducung mlebet ing Sasana Andrawina
C. Kanjeng Ratu rawuh ing sitinggil
D. Mangga sami sesarengan memuji mring Gusti

26. Ing ngisor iki kang paling bener pangetrapping tembung krama alus "siram" nut unggah-ungguhing basa yaiku
- "Sakbibaripun siram, Eyang lajeng tindak peken."
 - "Ibu sampun nyirami taneman ing taman."
 - "Kula sampun siram tanduran ing kebon wingking griya".
 - "Sabibaripun senam, Adi kula lajeng siram ngangge toya anget".

27. "Pak Sura numpak jaran wernane ireng".
Ukara kasebut menawa diowahi basa krama alus dadi kepriye?
- Pak Sura numpak jaran wernane ireng".
 - Pak Sura tumbas jaran wernipun abang
 - "Pak Sura nitih jaran wernipun abang."
 - "Pak Sura nitih Kapal wernipun cemeng."

28. "Dhawhipun dokter, ibu kedah ... obat sedinten kaping tiga."
Ceceg-ceceg menika paling trep menawi dipunisi tembung
- mundhut
 - dhahar
 - ngunjuk
 - nyuwun

Pacelathon iki kanggo nomer 29 lan 30 :

- Bagong : "Sugeng siyang, Bapak. Menapa leres menika dalemipun Bapak Endro?
Pak Endra : "Leres mas, nuwun sewu panjenengan sinten nggih?"
Bagong : "Kula Bagong, Bapak. Muridipun Bapak Endro nalika taksih wonten SD rumiyin."
Pak Endra : "SD pundi mas, kula sampun kesupen amargi murid kula menika kathah sanget, tugas kula mboten ajeg, kula sampun kaping pitu dipun mutasi."
Bagong : "SD mriki kemawon, Bapak. Kula lulus pitung tahun kepengker."
Pak Endra : "Oh Bagong ingkang asring pikantuk beasiswa niku nggih?"
Bagong : "Leres, Bapak. Kula pikantuk beasiswa siswa miskin."
Pak Endro : "Sapunika nakmas Bagong sampun nyambut damel menapa kuliyah?"
Bagong : "Kula kuliyah, Bapak. Kula pikantuk beasiswa bidhik misi, inggih menika beasiswa mligi kangge lare-lare ingkang kirang mampu utawi saking keluarga miskin."

29. Manut pacelathon kasebut, apa sesambungane Bagong karo Pak Endro?
- Antarane mantan guru lan mantan murid
 - Antarane bapak karo anak
 - Antarane sedulur enom karo sedulur tuwa
 - Antarane Guru lan murid
30. Apa kang dadi wosing (isi) pacelathon ing ndhuwur iku?
- Ngabarake bab beasiswa
 - Ngabarake bab kuliyah
 - Nakokake bab kulawarga
 - Nakokake bab status
31. Ing ngisor iki kang kalebu tuladhane tembung pitakon mapan ana ing
- apa, sapa, kenengapa
 - saka ngendi, sinaua, yowisben
 - apa, sebabe, menawa
 - maneka warna, aja, sing.
32. Sing ora kalebu tuladhane ukara pitakon yaiku
- "Sliramu saka ngendi?"
 - "Omahmu ngendi mas?"
 - "Regane bukumu iki pira?"
 - "Gek ndang mangkata saiki, wis jam pitu lho!"
33. Tuladhane ukara pakon yaiku
- "Sakbenere aku wis ngerti nek dina iki ulangan Basa Jawa."
 - "Sinaua kanthi temen supaya dadi bocah kang pinter!"
 - "Asale saka ngendi bocah iku mau?"
 - "Ayo mangkat sekolah bareng aku."
34. "Karpel reged iku ... banjur ... ing lapangan supaya cepet garing!"
Ceceg-ceceg iku paling trep diiseni tembung apa?
- dolen, cicilen
 - kumbahen, dolen
 - kumbahen, pemenen
 - saponana, sabunen.

Wacan iki kanggo nomer 35 lan 36 :

ສິນທຸກໆໝາຍເຖິງສິນທຸກໆໝາຍເຖິງ

១១ ឧបត្ថម្ភការណ៍ស្រាវជ្រាវ និងការអភិវឌ្ឍន៍បច្ចេកវិទ្យាស្រាវជ្រាវ

[illegible]

ក្នុងក្របខណ្ឌនៃការងារស្រាវជ្រាវស្រាវអង្កេតស្តីពីការអភិវឌ្ឍន៍

ကလေးပိုမိုလေ့ကျင့်ရန်အတွက် အသုံးပြုရန်အတွက်

ကရိယံ ဂုဏ်ကံ ကျင့်သော အကုသကုသလျှံ။

35. ပြည်သူ့အဖွဲ့အစည်းတို့၏အကျိုးအမြတ်အတွက်

Ukara aksara Jawa kasebut tulisan latine kepriye?

- A. Banjur tambah sregep anjaga kapesikane lingkungan.
B. Banjur tambah sregep anjaga karesikane lingkungan.
C. Banjur sregep njaga karesikane lingkungan.
D. Banjur tambah sregep njaga karesikane lingkungan.

36. Sapa sing menehi ketetapan dadi sekolah adhiyayata iku mau?

- A. Pemerintah
B. Sekolahan
C. Masyarakat
D. Tim penilai

37. လာရုံ့လျာအေအံကလဟ

Aksara kasebut yen diganti tulisan latin dadi kepriye?

- A. Aku ngajak sinau
B. Ajar sinau
C. Asring ngajak sinau
D. Arep ngajak sinau

38. "Ghofur tumbas tas"

Ukara kasebut yen ditulis nganggo aksara Jawa dadi

- [illegible]

39. ព្រះបាទសីហនុវរ្ម័ន... ប្រែក្រាបសាសនា

Ceceg-ceceg ing ndhuwur paling trep diisi tembung apa?

- A. လိမ္မော်ရောင်
B. ကျောက်ရောင်
C. လှေရောင်
D. ကိုရောင်

40. Pandemi kang nate dumadi ing negara iki disebabake dening

- A. သိက္ခာ
B. သိက္ခာ
C. သိက္ခာ
D. သိက္ခာ

- II. Pilihlah paling akeh (Maksimal) 3 wangsulan kanthi menehi tanda centang (v) sajroning kothak kang wis cumawis ing lembar jawab!

Kidang saya nyedhak kaya-kaya ora wedi marang wong, nanging nalika arep divedhaki saya ngadoh kaya mbebeda. Nalika Rama Wijaya nyedhak Sinta, kidang mlayu ngilang.

"Kangmas kula nyuwun dipuncpengaken kidang ingkang ulesipun emas kalawau." Panyuwune Sinta marang Rama Wijaya.

"Yen pancen kidang emas iki ndadekake atimu seneng, bakal dakcekelake yayi," Rama nyaguhi panyuwune Sinta.

1. Saka pethilan wacan ing ndhuwur, amanat utawa pitutur luhur kang bisa dijupuk yaiku

- A. ☐ Aja gampang kengguh ing kahanan kang melok
- B. ☐ Tansaha nengnake kawaspadan ing sadengah wektu lan panggonan.
- C. ☐ Wajib tanggung jawab marang samubarang kang wis dadi sanggemane.
- D. ☐ Nggoleki lenaning liyan supaya bisa entuk kauntungan
- E. ☐ Wong wadon iku tinakdir dadi titah sing penganan
- F. ☐ Priya iku kudu teteg lan tatag ngadhepi pacoban

2. Titikane pawarta kang lumrah yaiku

- A. ☐ Dumadi saka rerangkening 5W lan 1H
B. ☐ Katrangan saka panulis/editor
C. ☐ Isine pawarta
D. ☐ Anane pokok prastawa kang nyata lan anyar
E. ☐ Nggunakake basa jurnalistik
F. ☐ Basa gaul kang lagi viral

3. Tuduhna sing kalebu jinise tembung garba ing ngisor iki!

- A. ☐ Tembung wantah
B. ☐ Tembung garba lumrah
C. ☐ Tembung garba sustrawan
D. ☐ Tembung garba sustra we
E. ☐ Tembung sastrawan
F. ☐ Tembung warga ha

4. Ukara kang nggunakake basa krama alus dumunung ana ing

- A. ☐ "Sliramu kudu ngerti marang pranatan sekolah."
- B. ☐ "Panjenengan wis dhahar apa durung."
- C. ☐ "Aku terna menyang terminal mengko sore."
- D. ☐ "Pak Bayan nembe mawon tindak kelurahan."
- E. ☐ "Mangga buburipun enggal dipundhahar mbah."
- F. ☐ "Kadosipun eyang nembe sare."

5. Sing kalebu wujud aksara rekan yaiku

- | | |
|---------------------------------|----------------------------------|
| A. ☐ ꦲ | D. ☐ ꦲꦲ |
| B. ☐ ꦲꦲ | E. ☐ ꦲꦲꦲ |
| C. ☐ ꦲꦲꦲ | F. ☐ ꦲꦲꦲꦲ |

III. Wangsulana pitakon-pitakon iki kanthi patitis!

1. Sebutna media kang bisa kanggo nggiyaraké pawarta paling sithik papati!

2. *Tembang Kinanthi*

*Dadiya lakunireku
Cegah dhahar lawan guling
Lawan aja asukan-sukan
Anganggoa sawatawis
Ala watake wong suka
Suda prayitnaning batin.*

Amanat utawa pitutur luhur sing ana ing sajroning tembang kasebut yaiku

3. Ukara ing ngisor iki owahana dadi basa krama alus!

- a. "Prabu Rama ngakon Lesmana supaya nggoleki Sinta."
- b. "Pakdhe ora kelingan menawa dina iki ana rapat ing Kelurahan."

4. ...

Panembahan Senapati banjur dhawuh marang putrane, yaiku Pangeran Purbaya, kanggo nambah kekuwatan Purbaya. Panembahan Senapati menehi Tumbak Kyai Pleret. Tumbak Kyai Pleret diwenehake Purbaya, Jalaran alas Kedu ana raja jin kang sekti mandra guna. Mula tumbak kasebut bisa digunakake kanggo ngalahake jin.

Pangeran Purbaya anggone menyang Kedu didherekake dening para prajurit kang wis duwe pengalaman perang. Nalika tekan alas Kedu, Pangeran Purbaya diadhang jin. Nalika jin ngerti prelune Pangeran Purbaya yaiku bakal babad alas Kedu, jin kasebut nesu. Mula tekan kapan bae jin arep nggodha Pangeran Purbaya. Sanalika Pangeran Purbaya Banjur nggunakake tumbak Kyai Pleret. Prang tandhing jin karo masukane Pangeran Purbaya kedadayan. Pranyata Tumbak Kyai Pleret Pancen Digdaya. Kasil ngalahake jin kasebut.

....

Apa kang dadi dudutan/ simpulan saka wacan legenda ing ndhuwur?

5. Ukara ing ngisor iki owahana dadi tulisan aksara Jawa!

- a. Fatonah lagi dzikir ing mesjid.
- b. Zakat fitrah ing dina riyadin.